


Ouvri pòt pou aprantisaj

Literacy se Zafè tout yon Fanmi



NEW VISIONS
FOR PUBLIC SCHOOLS

Piblikasyon sa a te posib gras a gwo sipò

Depatman edikasyon vil Nouyòk,
Random House, Inc., ak the Astor Center for Public School Libraries nan
New Visions for Public Schools.



NYC
Department of
Education

T&I-9741 (Haitian Creole)

TABDÈMATYÈ

2 Kisa *literacy* ye?

Kijan mwen ka fè *literacy* vin yon pati nan vi fanmi m?

3 Ki aptitud *literacy* pitit mwen an bezwen epi kijan mwen ka ede l devlope yo?

- Nesans jiska pre-jadendanfan
- Jadenfanfan
- 1ye – 2yèm ane
- 3yèm – 5yèm ane
- 6yèm – 8yèm ane
- 9yèm – 12yèm ane

14 Ki konsèy espesyal ki ka ede m sipòte *literacy* pitit mwen?

- Kòman pou w ede timoun ou ki gen difikilte pou l li?
- *Literacy* ak teknoloji

15 Resous

- Kominote sipò pou *literacy* fanmi

CHÈ PARAN AK MOUN K AP PRAN SWEN FANMI:

Yo pa aprann *Literacy* sèlman nan lekòl; yo aprann li tout kote. Elèv ka pran konesans depi nan li siy nan Subway ak bwat sereyal, rive sou tande istwa fanmi yo nan lang natifnatal yo, ak nan eksplòre entènèt.

Literacy te toujou enpòtan, epi avèk ekonomi global jounen jodi ki baze sou konesans, li pi enpòtan toujou.

Kòm paran, ou kapab gen yon gwo efè sou *literacy* pitit ou yo – sipòte yo epi ede yo grandi kòm moun ki panse byen epi ki itilize enfòmasyon nan bon sans.

Gid sa a fèt pou ede w fè *literacy* vin yon pati nan vi fanmi w. Li la pou ede w devlope aptitud *literacy* pitit ou depi jou yo di premye mo yo jiskaske yo gradye lekòl segondè. Gid sa a ap ede w konprann tou kisa pitit ou ap aprann lekòl e kilè l ap aprann li, epi l ap ba w anpil ide sou kòman pou sipòte aprantisaj *literacy* pitit ou.

N ap tann pou travay avèk ou pou sipòte ak amelyore enstriksyon *literacy* elèv nan vil Nouyòk.

Avèk senserite,

Joel I. Klein
Chanselye
Depatman edikasyon vil Nouyòk

Robert Hughes
Prezidan
New Visions for Public Schools

Dr. Marcia V. Lyles,
Chanselye Adjwen pou Ansèyman ak aprantisaj
Depatman edikasyon vil Nouyòk

Literacy se kle ki louvri pòt lavni pou jèn nou yo.

Avèk aptitud *literacy* ki solid, jèn nou yo ap prepare pou yo gen siksè nan lekòl, pou yo devlope pwòp enterè yo, pou yo gradye nan kolèj epi pou yo jwenn travay.

Se yon ekip edikatè ak bibliyotekè ki devlope gid *literacy* pou fanmi sa a pou ede paran ak moun k ap bay swen ranfòse *literacy* nan vi pitit yo depi yo fèt jiska klas 12 yèm ane.

Nan gid sa a w ap dekouvri:

- Kòman timoun devlope aptitud pou yo li
- Ki eksperyans pitit ou ap fè nan lekòl
- Kisa w ka fè lakay ou pou ede yo aprann itilize langaj efikasan.

Nou mete nan gid sa a yon ti lis liv pwofesè ak bibliyotekè chwazi pou ba w yon apèsi sou bon liv

enteresan ki disponib nan bibliyotèk ak nan lekòl vil Nouyòk. Nou swete liv sa yo ap ba fanmi w anvi pou yo pase anpil moman agreyab nan aktivite pou *literacy*.

Tiliv sa a fèt pou ranfòse patnarya ki bati aptitud *literacy* solid nan jèn nou yo. Tanpri li l kounye a epi kenbe l kòm referans pou lavni.

Kòm paran oswa moun k ap okipe lòt moun, ou se yon pati enpòtan nan edikasyon pitit ou. Mèsi poutèt ou ede nou bay pitit ou pi bon kòmansman an pou l gen siksè nan lavi l. ■

KISA LITERACYYE?

Literacy se abilité pou itilize kapasite pou tande, gade, pale, li, ekri ak kapasite pou prezante pou kominike ak lòt moun, pou aprann nouvo ide, pou pataje enfòmasyon, pou pran desizyon ak pou ekprime panse w ak santiman w.

Jèn moun devlope aptitud literacy ofiramezi:

Si pitit ou a devlope

- Abilité pou l aprann nouvo enfòmasyon ak
- Abilité pou l kominike byen avèk lòt

Anpil pòt opòtinite ekonomik ak sosyal ap louvri pou li pandan vi l.

YO KÒMANSE NAN ...	POU RIVE...
Dekouvri ke son gen sans	KAPASITE POU TANDE → konprann sa yo tande.
Gazouye ak imite son	KAPASITE POU PALE → bay ide ak konvenk lòt moun.
Aprann rekonèt lèt ak mo	KAPASITE POU LI → jwenn ak konprann enfòmasyon ki ekri.
Aprann kenbe yon kreyon	KAPASITE POU EKRI → ekri pou ekprime tèt ou ak pou biznis.

Kòman aptitud pou literacy devlope?

Chak timoun inik. Chak timoun gen pwòp melanj bagay yo bon ladan ak bagay yo enterese ladan. Pou chak timoun, gen kèk metòd aprantisaj ki travay pi byen pase lòt. Dejouanjou, teknoloji bay mwayen pou anpil jèn moun aprann.

Ou konn pitit ou a pi byen pase tout moun. Ou ka idantifye fòs li ak sa li renmen epi ou ka itilize konesans sa a pou ede l devlope aptitud literacy li ni lakay ni an kolaborasyon avèk pwofesè li yo ak lòt moun nan lekòl la.

Chak timoun devlope nan pwòp vitès li. Yon timoun kapab kòmanse li byen bonè pandan yon lòt dekouvri plezi pou l li youn oswa dezan pi ta. Lè w antoure pitit ou nan kay la avèk anpil opòtinite pou l tande, pou l gade foto, pou l pale, li, ekri ak pou l fè desen oswa lòt materyèl vizyèl, ou ouvè pòt pou aprantisaj epi ou fè literacy zafè tout fanmi an. ■

New Visions for Public Schools ta renmen remèsye Teaching and Learning Division Depatman edikasyon vil Nouyòk ansanm avèk bibliyotèk leta vil Nouyòk pou tout gwo kontribisyon yo nan devlopman gid sa a. Patisipasyon yo te pèmèt nou rete nan liy kourikoulòm Depatman edikasyon vil Nouyòk ak lòt resous Depatman edikasyon pibliye. Remèsiman espesyal pou:

New Visions for Public Schools
Risa Cohn
Amy Hondo
Catherine Inniss
Carey Ordway
Linda Williams-Bowie

Depatman edikasyon vil Nouyòk
Dr. Marcia V. Lyles
Dr. Sabrina Hope King
Anna Commitante
Barbara Stripling, Otè prensipal

Queens Library Children's and Young Adult Librarians

Brooklyn Public Library
Children's and Young Adult Librarians

The New York Library
Children's and Young Adult Librarians

Se Jason Mazza ak Megan Rodzik ki fè konsepsyon an

KIJAN MWEN KA FÈ LITERACY VIN YON PATI NAN VI FANMI AN?

Kèk bagay ou ka fè an jeneral:

Pale avèk pitit ou sou bagay li renmen.

Poze kesyon ki ankouraje pitit ou pou l obsève ak aprann, kesyon ki ankouraje l pou l fè fraz lè l ap pale, pa senpleman wi oswa non kòm repons. Pale ak tande ranfòse aptitud pou li ak pou ekri.

Tande kesyon l yo epi ede l jwenn repons. Aprann pitit ou fason pou l jwenn enfòmasyon poukont li lè li itilize liv ak òdinatè.

Pale ak pitit ou, itilize anpil mo diferan. Pale ansanm sou mo pitit ou pa konprann. Sa ap fè l konsyan sou mo epi sa ap anrichi vokabilè li.

Anrichi anviwònman pitit ou. Mennen l nan zoo, nan bibliyotèk, nan mize, nan evènman espòtif ak kiltirèl. Pale ansanm sou eksperyans nou fè nan bagay sa yo.

Mennen pitit ou nan bibliyotèk, nan libreri, nan festival liv ak nan sant kominotè pou l al tande otè li pi renmen.

Li pou pitit ou regilyèman! Si w kòmanse li istwa pou yon timoun ki fèk fèt pandan sèlman 10 minit chak jou, timoun sa a ap tande 3000 èdtan istwa deja nan moman pou l antre lekòl. Menm lè timoun kapab li poukont yo, li awotwva pou yo ap etabli lekti kòm yon bagay enpòtan nan vi chak jou yo epi sa ap kontribye anpil nan aptitud yo pou literacy.

Montre pitit ou kòman pou l itilize langaj pou l jwenn sa li bezwen. Pa ekzanp, montre l kòman pou l li yon meni, jwenn yon bon sitwèb, ekri yon lèt remèsiman, oswa prezante ide l sou kèk sijè enteresan ki fè aktyalite.

Patisipe nan salklas pitit ou nenpòt lè yo envite paran. Tout timoun ap benefisye lè w pataje istwa, orijin kilti ou ak resous avèk yo epi pitit ou a ap wè ou bay edikasyon l valè.

Ankouraje pitit ou pou l li diferan kalite liv – Sòti sou istwa ak literati rive sou byografi, pwezi ak liv enfòmasyon sou sijè li pi renmen.

Prete, download liv nan bibliyotèk. Download(transfere) liv nan diferan fòm (audiobooks or CDs, videos, DVDs) nan òdinatè w oswa nan lòt aparèy elektwonik pòtab.

Ankouraje pitit ou pou itilize aptitud li nan literacy pou ede lòt moun. Pa ekzanp, pitit ou a kapab li pou timoun ki pi piti oswa pou pi gran oswa li kapab ekri lèt, ekri mesaj telefòn ak lis pou makèt.

Ede pitit ou planifye pou lavni, fè l wè kòman aptitud nan literacy kapab ba l kapasite pou l atenn objektif ki enpòtan pou li.

Pale ak li pou pitit ou nan lang natifnatal ou. W ap devlope aptitud literacy solid ni nan lang natifnatal la ni ann angle.

Rakonte istwa sou fanmi epi ankouraje pitit ou pou l rakonte w istwa. W ap bati yon koneksyon solid nan literacy. ■

KI LADRÈS LITERACY PITI MWEN BEZWEN EPI KÒMAN M KA EDE PITIT MWEN DEVLOPE YO?

Nesans jiska pre-jadendanfan

Ti bebe tande, yo reyaji, yo jwe ak son depi moman yo fèt. Yo gazouye, yo imite, yo eseye pale. Se yon etap enpòtan nan devlopman literacy. Plis mo ak istwa timoun yo tande pandan tan sa a – nan nenpòt lang yo pale lakay la – pi fasil li pral ye pou yo li ak ekri ann angle pi ta.

Timoun piti renmen tande. Yo renmen tande moun li liv yo pi renmen an pou yo awotwa tout tan. Yo mande “pou kisa?” senpleman pou yo kapab tande w pale .

Timoun piti renmen pale. Dèke yo dekouvri ke son gen sans, yo aprann nouvo mo byen rapid epi yo kòmanse itilize yo pou yo kominike avèk adilt.

Timoun piti renmen li. Yo renmenn manyen liv epi ofiramezi yo apran li yo depi nan kòmansman jiska lafen , sòti agoch pou ale adwat. Timoun ki nan preskolè kapab kòmanse li alfabè, rekòtèt lèt epi asosye yo avèk son yo.

Timoun piti renmen ekri. Yo imite sa yo wè adilt ap fè epi yo aprann eksprime panse yo nan gribouye ak nan desine. ■

Liv yo rekòmande pou li awotwa: Depi nesans rive pre-jadendanfan

Men yon lis liv ak otè timoun nan laj sa a renmen. Ou ka jwenn liv sa yo nan bibliyotèk leta ki bò lakay ou a. Mande bibliyotèk a pou l rekòmande lòt liv tou.

Jez Alborough	Hug!
Katharine Ayers	Up, Down and Around
Keith Baker	Big Fat Hen
Molly Bang	Ten, Nine, Eight
Frances Barry	Duckie's Splash
Ruth Lercher Borstein	Little Gorilla
Sandra Boynton	Moo, Baa, La La La
Margaret W. Brown	Goodnight Moon
Eric Carle	The Very Hungry Caterpillar
Lucy Cousins	Where are Maisy's Friends?
Cressida Cowell	What Shall We Do With The Boo Hoo Baby?
June Crebbin	Cows in the Kitchen
Donald Crews	Freight Train/Tren de Carga
Lois Ehlert	Planting a Rainbow
Ed Emberley	Go Away, Big Green Monster!
Catharine Falwell	Feast for 10
Denise Fleming	Barnyard Banter
Mem Fox	Time for Bed
Kevin Henkes	Kitten's First Full Moon
Eric Hill	Where's Spot?
Tana Hoban	Black on White
Cherly Willis Hudson	Hands Can
Ruth Krauss	The Carrot Seed
Bill Martin, Jr. and Eric Carle	Brown Bear, Brown Bear, What Do You See?
Flora McDonnell	I Love Animals
Margaret Miller	Peekaboo Baby
Iona Opie	My Very First Mother Goose
Helen Oxenbury	Clap Hands
Peggy Rathmann	Goodnight, Gorilla
Michael Rosen	We're Going on a Bear Hunt
David Shannon	No, David!
Jane Simmons	Come Along, Daisy!
Paul and Henrietta Stickland	Dinosaur Roar!
Nancy Tafuri	Spots, Feathers and Curly Tails
Martin Waddell	Owl Babies
Mo Willems	Knuffle Bunny: A Cautionary Tale
Sue Williams	I Went Walking/Sali de paseo
Audry Wood	Piggies
Andrea Zimmerman	Trashy Town

Kisa w ka fè lakay ou?

Pale avèk pitit ou:

- Pale sou bagay ki pase chak jou. Di non bagay pitit ou wè.
- Pale sou siy ak etikèt, lonje dwèt sou mo yo.
- Pale sou imaj ki nan liv yo.
- Pale sou pwogram televizyon oswa videyo l ap gade.
- Rakonte istwa sou fanmi w, bon bagay ou sonje avèk eksperyans fanmi an te genyen.
- Chante chanson.
- Pataje ti pwezi gadri avèk li.
- Montre l chante alfabè a.
- Jwe jwèt imajinè avèk li epi kite l dirije w ladan.
- Dekri ki sa w ka fè ak mo li ka itilize.
- Pale avèk li nan lang natifnatal ou. Konvèsasyon sa yo ap devlope aptitud literacy li ni lang natifnatal la ni ann angle.

Tande sa pitit ou ap di:

- Poze l kesyon sou sa l ap fè, sou sa l wè.
- Poze l kesyon sou majigridi ak desen li fè.
- Ankouraje l pou l rakonte w istwa.
- Tande kesyon li poze avèk pasyans epi ba li repons.

Li pou pitit ou:

- Itilize liv alfabè pou anseye son lèt yo
- Si ou pa pale angle lakay la, mennen l nan pwogram nan bibliyotèk leta yo kote bibliyotèk yo ap li pou li ann angle.
- Fè liv avèk imaj ou koupe nan revè ak katalòg pou nou li ansanm.
- Li epi reli liv li pi renmen yo nan nenpòt ki lang ou pale a.
- Itilize liv bibliyotèk. Kite l chwazi kèk nan yo.
- Chwazi yon tan regilye ak yon kote pou li pou pitit ou chak jou.

Ankouraje pitit ou a pou l desine ak ekri:

- Ba li materyèl pou li desine epi ekspoze desen yo.
- Mande l pou l desine yon bagay ki soti nan yon istwa l pi renmen.
- Ekri non bagay ki nan desen an sou li pou l ka kòmanse fè koneksyon ant ide avèk mo ekri.
- Fè l rakonte w yon istwa, ekri istwa a, epi li istwa a.
- Montre l kòman w ekri.
- Lè se tan pou bay kado, konsidere liv, kreyon koulè, papyè espesyal, abònman revè oswa lòt bagay ki fè lakay ou yon anvivònman ki rich ak literacy.

- Kite pitit ou wè oumenm tou w ap li, w ap ekri. L ap konprann bagay sa yo se aptitud “adilt” ki enpòtan nou tout itilize chak jou. ■

10 Premye kote fanmi kapab bati literacy avèk timoun ki nan preskolè:

10. Siy nan lari ak pankat
9. Katye bò lakay ou
8. Restoran
7. Pak ak zoo
6. Teren jwèt
5. Boutik
4. Bibliyotèk
3. Otobis ak tren
2. Lakay
1. Tout kote

Jadendanfan

Jadendanfan se yon ane kote timoun bezwen dekouvri anpil bagay. Timoun eksplòre son ak mo epi yo aprann sou lang. Yo kòmanse fè eksperyans aktivite *literacy* fòmèl, tankou li yon liv avèk klas la, aprann alfabè epi pale sou liv avèk pwofesè yo.

Nan fen jadendanfan, kèk timoun ap senpleman kòmanse tande istwa. Kèk lòt ap li lèt ak mo senp. Pifò – men pa tout – aprann lèt alfabè ak son epi yo ka li pwòp non yo. Souvan, yo rekonèt mo yo wè tankou “STOP”. Pifò ap kapab konte sou 10 ak rekonèt kèk nimewo ki ekri. ■

Kisa w ka fè lakay ou?

Pale epi koute

- Pale avèk pitit ou sou sa li fè, sa li wè ak sa li li pandan jounen an.
- Ankouraje l pou poze kesyon, eksprime opinyon l ak pataje enfòmasyon.
- Jwe jwèt, chante chanson ki fè koneksyon ant son ak mo ak fason yo ekri.
- Pataje istwa fanmi.
- Tande l epi mande l pou tande lòt moun.
- Montre pitit ou tout non li ak adrès li.

Li

- Li awotvwa pou pitit ou epi pale sou sa n ap li ansanm lan. Fè koneksyon avèk istwa li deja li.

Nan lekòl, timoun kapab:

Pale ak tande

- Pratike son, konbine son pou fè mo ak pou separe mo an son (phonemics)
- Konnen son lèt ak kòman son lèt melanje ansanm pou yo tounen mo (phonics)
- Pataje kilti lakay yo, lang yo ak tradisyon yo avèk klas la.
- Pale youn ak lòt. poze kesyon, rakonte istwa, eksplike ak pataje ide, fè “show-and-tell” eksprime santiman yo, konpoze mo ki rime, jwe wòl aktè epi itilize imajinasyon yo.
- Koute kamarad klas yo avèk respè.
- Poze kesyon
- Tann tou pa yo pou yo pale ak suiv kòmand.

- Pataje liv li abitye li ke l ka li ansanm avèk ou.
- Ede l li oswa pwononse etikèt siy ki sou bwat sereyal, boutik ak lòt bagay ki ekri ozalantou kay la.

Ekri

- Desine ansanm avèk pitit ou epi pale sou istwa ki nan desen an. Ankouraje l pou desine imaj ki nan istwa li tande ak nan fim li wè.
- Ede l aprann ekri tout non l ak nimewo telefòn li.
- Ede l ekri pwòp panse li. ■

Li

- Pran plezi nan liv y ap “li”, paske yo konn fè lekti orizontal ak lekti vètikal epi yo seleksyone liv yo ka li byen fasil.
- Tande istwa pwofesè a ap li awotvwa pou yo, rerakonte istwa yo nan lòd ak pale sou yo.
- Konnen son lèt yo ak kijan son lèt melanje ansanm pou kreye mo.
- Li awotvwa.
- Touche mo ki ekri lè yo menm oswa lòt moun ap li awotvwa.
- Li ak pran plezi nan liv san rete oswa san yo pa bay tèt yo pwoblèm pou chak mo yo pa konprann.
- Aprann nouvo mo selon konteks la.

Liv nou rekòmande pou li awotvwa: Jadendanfan

Men yon lis liv ak otè timoun nan laj sa a renmen. Mande bibliyotekè a oswa pwofesè a pou rekòmande lòt bon liv tou. Ou ka jwenn liv sa yo ak lòt liv:

- nan bibliyotèk lekòl la
- nan bibliyotèk klas la
- nan yon bibliyotèk leta ki tou pre w.

Byron Barton	The Three Bears
Ludwig Bemelmans	Madeline
Eileen Christelow	Five Little Monkeys Jumping on the Bed
Doreen Cronin	Click, Clack, Moo: Cows That Type
P. D. Eastman	Go, Dog. Go!
Lois Ehlert	Fish Eyes: A Book You Can Count On
Ian Falconer	Olivia
Cathryn Falwell	Turtle Splash! Countdown at the Pond
Jules Feiffer	Bark, George
Denise Fleming	Alphabet Under Construction
Don Freeman	Corduroy
Kevin Henkes	Lilly's Purple Plastic Purse
Tad Hills	Duck & Goose
Lenny Hort	The Seals on the Bus
Keiko Kasza	The Wolf's Chicken Stew
Ezra Jack Keats	The Snowy Day
Jonathan London	Froggy Gets Dressed
James Marshall	George and Martha
Bill Martin, Jr.	Chicka Chicka Boom Boom
Robert McCloskey	Make Way for Ducklings
Gerald McDermott	Anansi the Spider: A Tale from the Ashanti
Anik McGrory	Kidogo
Kate McMullan	I Stink!
Susan Meddaugh	Martha Speaks
Robert Neubecker	Wow! City!
Laura Numeroff	If You Give a Mouse a Cookie
Linda Sue Park	Bee-bim Bop!
H.A. Rey	Curious George
Laura Vaccaro Seeger	First the Egg
Maurice Sendak	Where the Wild Things Are
Dr. Seuss (Theodore S. Geisel)	Green Eggs and Ham
Nancy Shaw	Sheep in a Jeep
Joseph Slate	Miss Bindergarten Gets Ready for Kindergarten
Roseanne Thong	Red Is a Dragon: A Book of Colors
Bernard Waber	Lyle, Lyle, Crocodile
Ellen Stoll Walsh	Mouse Paint
Mo Willems	Don't Let the Pigeon Drive the Bus
Audrey Wood	The Napping House
Jane Yolen	How Do Dinosaurs Say Good Night?
Gene Zion	Harry the Dirty Dog

Ekri

- Ekri lèt ak mo yo ka pwononse.
- Kòmanse kreye istwa ki gen kòmansman, mitan ak fen lè yo itilize imaj ak kèk mo.

- Rakonte istwa pou pwofesè yo ekri pou yo ka wè pawòl yo sou papye. ■

1ye -2yèm ane

Timoun antre nan klas 1ye ane avèk diferan nivo kapasite pou li. Gen ladan yo ki konn li, genyen ki fèk kòmanse ap li, genyen ki poko kòmanse li. Nan fen 1ye ane, pifò timoun ap deja amelyore abilite yo pou yo li e yo pral kapab rezime istwa yo li a epi reponn kesyon sou istwa a.

Kapasite timoun nan 1ye ane pou ekri gen anpil pou wè avèk eksperyans yo nan li ak nan tandè. Timoun ki konn istwa konn kijan pou yo fè pwòp istwa yo. Gen timoun ki ekri byen lè yo antre nan 1ye ane, genyen k ap lite. Nan fen 1ye ane pifò timoun pral kapab kominike atravè sa yo ekri ak desen yo fè, y ap kapab fè mo lè yo ekri lèt pou son yo tandè (sa yo rele “òtograf envante *invented spelling*”).

Anpil elèv 2yèm ane konnen enpòtans lekti epi yo vle vini bon lektè. Pandan 2yèm ane elèv renmen tandè liv ki gen aksyon ki pi konplike, epi kèk kòmanse li liv ki divize an chapit.

Nan 2yèm ane sa elèv yo ekri kòmanse montre pèsonalite. Anpil timoun kòmanse ekri pou plezi. Yo toujou itilize “òtograf envante” epi yo renmen eseye nouvo tip istwa; kèk fwa yo imite liv oswa otè yo pi renmen an. ■



Li pou pitit ou senpleman 20 minit chak jou pou yon ane ap ekspoze yo a yon milyon mo epi sa ap ogmante aptitud yo nan òtograf, gramè ak redaksyon.

Kisa w ka fè lakay ou?

Pale ak tandè

- Patisipe nan aktivite li ak ekri pitit ou ap fè.
- Pale sou eksperyans ou gen avèk li. Mande l pou l pale w sou eksperyans lan oswa sou sa yon lòt moun di.
- Pale avèk li sou fason li li ak fason li ekri. Poze kesyon si w pa konprann sa l ap eseye di.
- Jwe jwèt tankou “I Spy” (Mwen wè yon bagay ki kòmanse ak lèt B) *Junior Scrabble* ak *Trivial Pursuit*.
- Ankouraje l pou l itilize nouvo mo nan konvèsasyon.
- Mande pou l pale sou pasyon l ak sa li renmen anpil.

Li

- Li avèk pitit ou chak jou. Kontinye li awotwa avèk li epi mande l pou li pou ou. Pale avèk li sou sa istwa a fè l sonje, sa li fè l panse oswa sa ki fè l poze tèt li kesyon.
- Si w pi alèz pou li nan yon lòt lang, itilize liv ki ni ann angle ni nan lang natifnatal ou. Lè w pataje bagay sa yo avèk li sa ede l aprann toulède. Ou kapab li nan de lang yo atoudewòl.
- Ankouraje efò pitit ou ap fè pou l li. Pa entwonp li pou korije fot ki pa deranje istwa a. Ede l pwononse mo yo lè w itilize imaj ak son lèt yo.

Ekri

- Mande l pou l pale w de istwa n ap li ansanm lan. Mande l pou l predi ki sa ki pral pase apre oswa kisa pèsonej yo ka fè.
- Mennen l nan bibliyotèk leta pou l prete liv.
- Ankouraje pitit ou a pou l li tout kalite liv (istwa, liv avèk imaj, pwezi, liv reyalyte) ak tout lòt bagay ki nan anviwònman w (journal, siy, bwat sereyal).
- Mande l pou l li istwa pa l pou ou epi pale sou yo.
- Mande pitit ou pou l ekri bagay pou ou, tankou yon lèt pou yon fanmi oswa yon lis pou makèt. Kite mesaj pou li, ankouraje l pou l ekri mesaj pou ou.
- Ba li opòtinite pou l ekri avèk diferan materyèl tankou konpitè si w kapab jwenn youn.

Nan lekòl la, timoun kapab:

Pale ak tandè

- Rakonte istwa oswa jwe wòl aktè.
- Pataje ide ak obsèvasyon avèk kamarad klas ak pwofesè.
- Pale sou liv, sou istwa ak ide avèk kamarad klas yo ak pwofesè.
- Pataje istwa fanmi.
- Pale avèk ekspresyon ak jès ki kòrèk pou diferan objektif.

Li

- Melanje son ak lèt pou jwenn sans mo ki pa fanmiye ki gen plis pase yon silab ki nan nivo klas yo.
- Etidye mo nan chèche sans yo, jwenn lòt mo ki gen rapò avèk yo epi gade kòman yo itilize mo nan diferan fason.
- Li tèks ki nan nivo klas la avèk vitès, presizyon ak ekspresyon apwopriye.
- Aprann kòman pou chwazi liv ki koresponn avèk nivo lekti yo.
- Pran plezi nan sa yo li ak sa yo ekri, pale sou sa yo renmen epi fè rekòmasyon ba yon lòt.
- Itilize diferan mwayen pou rezoud pwoblèm lekti, tankou pwononse mo, chèche pati mo ki fanmiye ak mo ki nan yon menm fanmi, jwenn sans mo selon fason yo itilize yo nan istwa a.

KONSÈY POU LITERACY

SELEKSYONE LIV KI “JIS KÒRÈK”

Gide pitit ou pou l:

- li deskripsyon sou po liv la.
- li tit la.
- gade tabdèmatyè a.
- li youn oswa de paj.

Mande pitit ou:

- Sou kisa w panse liv sa a ap pale?
- Eske l parèt enteresan?

• Itilize estrateji tankou poze kesyon ak reli pou eklèsi sans sa yo fin li a.

• Li pou jwenn enfòmasyon.

Yon liv jis kòrèk si

- sijè a enterese timoun lan.
- timoun lan ka li omwen 95 pousan mo nan yon paj poukont li.

Yon liv twò difisil si

- timoun lan jwenn senk oubyen plis mo nan yon paj li pa ka li (sèlman se yon lòt moun k ap li liv sa a pou timoun lan)
- timoun lan pa konprann sa l ap li a. ■

• Itilize pwen, pwen entèwogasyon, pwen eksklamasyon, ak lèt majiskil.

• Pibliye sa yo ekri. ■

Ekri

• Eksplòre diferan tip redaksyon (pa ekzanp, fè yon kaye ki gen mo yo pi renmen, ekri mesaj pou voye ba zanmi).

• Ekri fraz ki nan lòd lojik ak ki fè sans.

• Kreye istwa imajinè ak istwa pèsonèl.

• Ekri oswa desine imaj pou pataje sa yo aprann sou yon sijè

• Pale sou sa yo ekri.

• Eple mo kouran kòrèkteman ak itilize yon diksyonè oswa yon word wall pou eple mo nouvo kòrèkteman.

Angle gen plis mo vokabilè pase tout lòt lang. Angle prete anpil mo nan lòt lang.



Liv yo rekòmande pou 1ye ak 2yèm ane

Men yon lis liv ak otè timoun nan laj sa a renmen. Ou kapab li kèk ladan yo pou pitit ou epi limenm tou li kapab li kèk ladan yo pou ou.

Mande bibliyotèk a oswa yon pwofesè pou l rekòmande lòt bon liv.

Kibò ou kapab jwenn liv sa yo ak lòt?

- nan bibliyotèk ki nan lekòl pitit ou a
- nan bibliyotèk ki nan klas la
- nan yon bibliyotèk leta ki tou pre w

Harry G. Allard	Miss Nelson is Missing!
Tedd Arnold	Hi! Fly Guy
Monika Bang-Campbell	Little Rat Makes Music
Monica Brown	My Name is Gabito: The Life of Gabriel García Márquez (Me llamo Gabito: La Vida de Gabriel García Márquez)
Doreen Cronin	Diary of a Worm
Tomie De Paola	Strega Nona
Carmen Agra Deedy	Martina the Beautiful Cockroach: A Cuban Folktale
Penda Diakite	I Lost My Tooth in Africa
Arthur Dorros	Abuela
Lucía M. González	The Storyteller's Candle (La Celita de los Cuentos)
Geoffrey Hayes	Benny and Penny in Just Pretend
Lily Toy Hong	Two of Everything: A Chinese Folktale
Elizabeth Fitzgerald Howard	Virgie Goes to School with Us Boys
Angela Johnson	Julius
Kathleen Krull	Wilma Unlimited: How Wilma Rudolph Became the World's Fastest Woman
Ellen Levine	Henry's Freedom Box
Arnold Lobel	Frog and Toad are Friends
Margaret Read MacDonald	Old Woman Who Lived in a Vinegar Bottle
Gerald McDermott	Zomo the Rabbit: A Trickster Tale from West Africa
Lisa Moser	Squirrel's World
Brian Pinkney	The Adventures of Sparrowboy
Faith Ringgold	Tar Beach
Cynthia Rylant	Henry and Mudge (series)
Jon Scieszka	The True Story of the 3 Little Pigs!
Esphyr Slobodkina	Caps for Sale
William Steig	Sylvester and the Magic Pebble
John Steptoe	Stevie
Jan Thomas	What Will Fat Cat Sit On?
Rosemary Wells	Yoko
Mo Willems	There is a Bird on Your Head!
Herbert Wong Yee	Abracadabra! Magic with Mouse and Mole
Jane Yolen and Andrew Fusek Peters	Here's a Little Poem: A Very First Book of Poetry

Klas 3yèm-5yèm ane

Nan klas sa yo, jeneralman li pi fasil pou elèv ekri pi vit e pi byen. Yo pa senpleman ap aprann ekri ankò – y ap itilize aptitud yo nan li pou yo fè eksperyans nouvo istwa epi aprann nouvo ide. Yo pran anpil plezi nan nouvo kapasite sa a yo genyen pou yo li poukont yo. Yo renmen li ni liv ki gen istwa, ni liv ki pale sou fè reyèl. Anmenmtan, yo toujou renmen tande

adilt k ap li istwa pou yo eseye nouvo mo nan konvèsasyon epi pou pataje sa yo ekri avèk pwofesè yo ak manm fanmi yo.

Nan lekòl, y ap mande timoun yo pou yo li ak ekri nan chak domèn matyè. Yo ka:

- li yon istwa epi ekri yon ti pyès teyat sou li.
- kreye yon tiliv vwayaj sou yon kote

yo pa konnen men ke yo te etidye

- ekri solisyon pwoblèm matematik yo ni an mo ni an chif.
- fè yon ti pwomnad epi ekri sa yo obsève sou chanjman ki fèt ann otòn. ■

Kisa w ka fè lakay ou?

Pale ak tande

- Pale avèk pitit ou sou lekòl, sou zanmi, sou aktivite yo.
- Ankouraje l pou di sa l panse, sa l santi.
- Tande sa ki enterese l, enkyetid li, sa li renmen, sa li pa renmen. Mande l pouki rezon.

Li

- Pale sou liv pitit ou renmen li. kite l li pou ou.
- Mande l pou l konpare liv l ap li kounye a ak liv li fin li deja.
- Kontinye li pou li. Pale sou jan istwa a fè l santi l oswa kijan pèsonaj yo ka santi yo. Ankouraje l pou l predi kisa ki ka rive apre oswa pou poze kesyon “e si?” sou senaryo a.

- Ba li liv ki mache ak sa li renmen. Mande l pou sonje otè li pi renmen yo.
- Chwazi yon kote trankil ak yon lè espesifik pou l li ak pou l fè devwa l. Ba li ankourajman.
- Fè l patisipe nan pran bonjan desizyon. Paekzanp, nou kapab li pwogramasyon televizyon *TV guide* la ansanm epi deside ki pwogram pou n gade.
- Ankouraje l epi ede l pou l li omwen 25 liv chak ane.

Ekri

- Ba pitit ou yon kote pou l ekri epi respekte plas sa a.
- Ankouraje l pou l ekri nan diferan fòm (tankou istwa ak pwezi) ak pou
- fè tèks la bèl lè l mete desen ak koulè. Mande l pou l

montre w sa li ekri. Ba li yon ti kaye nòt oswa yon ti ajenda (diary). Kite l kenbe l an prive.

- Kreye yon bilten enfòmasyon fanmi pou pataje avèk zanmi ak fanmi. Mande l pou l ekri l epi fè aranjman pou l fè entèvyou ak manm fanmi an. ■

Nan lekòl, timoun kapab:

Pale ak tande

- Prezante ide bay kamarad klas yo, asire yo ke ide prensipal yo byen òganize epi yo gen agiman pou sipòte yo.
- Eksprime ide yo nan diferan fason (atravè diskisyon, prezantasyon, teyat, pwezi).
- Tande lòt moun epi konpare diferan opinyon.
- Poze kesyon epi dakò oswa pa dakò avèk evidans.

Li

- Li awotwa ak jès.
- Fikse objektif nan lekti epi li ni poukont yo ni angwoup.
- Pale sou pèsonaj yo, sou anviwònman kote istwa ap pase a, sou ide prensipal yo ak sou lòt detay ki sipòte liv yo li oswa tande a.

- Repete ide ki nan sa yo li avèk pwòp mo yo.
- Li pou konprann yon sijè lè yo fè dediksyon ak lè yo tire konklizyon.
- Fè koneksyon ant diferan liv y ap li.
- Poze kesyon sou sa yon otè ekri epi eseye reponn yo atravè lekti.
- Fè pwòp entèpretasyon yo sou liv y ap li; konpare ak distenge enfòmasyon nan yon sèl sijè.
- Li pou jwenn enfòmasyon ak pran nòt sou fè ak ide sou yon sijè nan plis pase yon sous.
- Idantifye detay ki enpòtan ak detay ki pa enpòtan, fè kont opinyon, tèm ak diferan pèspektiv.
- Konpare enfòmasyon ki sòti nan de sous diferan.
- Li poukont yo pou yon bon bout tan.

Èske w te konnen...

Ekri

- Ekri pou divès objektif: rakonte istwa orijinal, fè yon enfòmasyon pase, dekri lavi moun, kreye imaj sou fòm pwezi.
- Ekri istwa imajinè ak rakonta pèsonèl pou pataje sispens ak pou kreye yon reyaksyon lakay lektè.
- Aprann kòman pou ekri nan tout domèn matyè, tankou ekri yon rapò byen klè, byen òganize nan Syans sosyal pandan yo itilize omwen de sous.
- Aprann estrikti fòmèl lang, tankou rim, rit ak bon chwa mo.

Aprann li nan lang natifnatal la ankouraje pi wo nivo siksè nan lekti ann angle (National Reading Panel, 2006).

Aprann estrikti fòmèl redaksyon, tankou paragaf ak diferan fason pou òganize (kòz ak efè, lòd kwonolojik).

- Aplike talan bon ekriven tankou chwazi mo ki ekzat, òganize ide ak itilize metafò ak langaj deskriptif. ■

Liv yo rekòmande pou klas 3yèm-5yèm ane

Men yon lis liv ak otè timoun ki nan laj sa a renmen. Ou ka byen renmen li kèk nan liv sa yo pou pitit ou; pitit ou a ka byen renmen li kèk pou ou.

Mande moun k ap travay nan bibliyotèk la oswa pwofesè pitit ou a pou yo rekòmande lòt bon liv.

Avi	Poppy
Natalie Babbit	Tuck Everlasting
Nic Bishop	Spiders
Judy Blume	Soupy Saturdays with the Pain & the Great One
Ann Cameron	The Stories Julian Tells
Beverly Cleary	The Mouse and the Motorcycle
Andrew Clements	Frindle
Suzanne Collins	Gregor the Overlander
Sharon Creech	Love That Dog
Christopher Paul Curtis	The Watsons Go to Birmingham-1963
Roald Dahl	Charlie and the Chocolate Factory • The BFG
Kate DiCamillo	Because of Winn-Dixie • The Tale of Despereaux
Michael Dorris	Morning Girl
Francis O'Roark Dowell	Phineas L. MacGuire...Erupts!
Jeanne DuPrau	City of Ember (series)
Karen English	Francie
Jack Gantos	Joey Pigza Swallowed the Key (series)
John Reynolds Gardiner	Stone Fox
Patricia Reilly Giff	Pictures of Hollis Woods
Nikki Grimes	Meet Danitra Brown
Virginia Hamilton	Zeely
Juan Felipe Herrera	Laughing Out Loud, I Fly, Poems in English and Spanish
Betty Hicks	Out of Order
Jennifer L. Holm	Rock Star! (Babymouse series)
Debra and James Howe	Bunnicula
Paul B. Janeczko	Top Secret: A Handbook of Codes, Ciphers and Secret Writing
Dick King-Smith	Babe: The Gallant Pig
Jeff Kinney	Diary of a Wimpy Kid (series)
Kathleen Krull	Lives of the Musicians: Good Times, Bad Times, (And What the Neighbors Thought) • Marie Curie (Giants of Science series)

Ki kote w ka jwenn liv sa yo ak lòt ankò?

- nan bibliyotèk lekòl pitit ou a
- nan bibliyotèk salklas la
- nan yon bibliyotèk piblik ki bò lakay ou.

Grace Lin	The Year of the Dog
Lenore Look	Ruby Lu, Brave and True (series)
Lois Lowry	Gooney Bird Greene (series) • Number the Stars
Ann Martin	The Doll People
Megan McDonald	Stink: The Incredible Shrinking Kid
Sy Montgomery	Quest for the Tree Kangaroo
Sheila P. Moses	Sallie Gal and the Wall-a Kee Man
Walter Dean Myers	Jazz
Wendy Orr	Nim's Island
Mary Pope Osborne	Dragon of the Red Dawn (Magic Tree House series)
Sara Pennypacker	Clementine (series)
Jack Prelutsky	My Dog May Be a Genius
James Rumford	Sequoyah: The Cherokee Man Who Gave His People Writing
Pam Munoz Ryan	Becoming Naomi Leon
Louis Sachar	Holes
Allan Say	Grandfather's Journey
Jon Scieszka	The Not-So-Jolly Roger (Time Warp Trio series)
Siena Cherson Siegel	To Dance: A Memoir
Judy Sierra	Antarctic Antics
Vandana Singh	Younguncle Comes to Town
Jeff Smith	Out from Boneville (series)
John Steptoe	Mufaro's Beautiful Daughters
Geronimo Stilton	The Curse of the Cheese Pyramid (series)
Jeff Stone	Tiger (The Five Ancestors series)
Catharine Thimmesh	Team Moon: How 400,000 People Landed Apollo 11 on the Moon
Wendelin Van Draanen	Sammy Keyes and the Hollywood Mummy (series)
Carole Boston Weatherford	Moses: When Harriet Tubman Led Her People to Freedom
E.B. White	Charlotte's Web
Jacqueline Woodson	Locomotion

Lè w ekri ak li nan lang natifnatal ou ak pitit ou sa ede l aprann li ak ekri ann angle (Depatman Edikasyon Etazini, 1997)



Klas 6yèm-8yèm ane

Jèn adolesan ap eseye konnen kiyès yo ye ak kijan yo lye ak lòt moun. Yo fè ale vini – kèk fwa sòti yon minit ale nan yon lòt – ant sevè ak lach, konfyans ak ensèten, sosyab ak timid. Fanmi ak lekòl ka sipòte devlopman yo lè yo kite adolesan yo eseye diferan idantite nan anviwònman ki an sekirite, ki mande pou fè anpil efò, ak anviwònman ki san patipri.

Jèn adolesan gen swaf pou nouvo ide. Yo aprann lè yo asosye yo ak nouvo ide. “Kisa sa vle di pou mwen?” epi “Poukisa sa konsène m?”. Pifò jèn nan laj sa a kòmanse panse sou ide abstrè tankou “jistis” ak “endepandans”. Yo kòmanse tire konklizyon ak fè prediksyon dapre enfòmasyon yo jwenn. Se pa yon bagay ki toujou parèt bèl, klè. Yo ka ap fè kanpay pou sove anviwònman an yon jou epi yo refize resikle nan pwochen jou a.

Ane sa yo enpòtan anpil pou devlopman literacy. Adolesan pase anpil nan tan yo andeyò lekòl pou kominike ak zanmi yo epi yo itilize divès teknoloji pou yo konekte ak mond lan. Yo ka voye mesaj sou fòm tèks, yo tande mizik, yo pale nan telefòn, yo ale sou sit wèb epi y ap fè devwa anmenmtan. Tout kominikasyon sa a ede adolesan yo dekouvri pwòp pwen fò yo, ekspriye pwòp tèt yo nan divès fason, asosye lekti ak redaksyon ak pwòp vi yo epi itilize lang pou yo bay mond pa yo sans. ■



Elèv ki di yo renmen li konn tèlman okipe ak espò, clubs, djòb ak devwa sa fè yo sispann li liv pou amizman. Anpil ladan yo ranpli vid sa a nan li atik magazin ak bagay enteresan yo jwenn sou entènèt.

Nan lekòl, jèn yo ka:

Pale ak tande

- Aprann tande ak atansyon epi reponn lòt moun ak respè.
- Fè konvèsasyon ak kanmarad yo ak pwofesè yo pandan tout jounen lekòl la.
- Rekonèt fason ou di yon mo konvenk ak bay sans (paegzanp iwoni, antouzyas, imè).
- Kolekte enfòmasyon ak diferan pwendvi ki soti nan plizyè sous. Itilize ide sa yo pou kenvenk yon moun k ap tande sou yon pwoblèm avèk prèvi presi.
- Prezante enfòmasyon nan divès fòma (5 a 7 minit rapò aloral, diskou, deba, gwoup diskisyon).

Li

- Li divès materyèl nan chak kou tankou literati, liv ki gen enfòmasyon, biyografi ak atik ki nan magazin.
- Itilize konesans sou rasin mo (mo ki soti nan laten, paegzanp) ak fozami (mo ki sanble nan de lang) pou yo ka jwenn siyifikasyon nouvo mo.
- Aprann vokabilè matyè akademik yo.
- Itilize estrateji pou konprann sa yo li, tankou poze kesyon, konpare nouvo ide ak sa yo deja konnen, rezime ide, imajine oswa jwenn pwendvi otè a.
- Rekonèt kòman pèsonaj nan yon istwa oswa woman vin chanje pandan tan ap pase.

Kisa w ka fè lakay?

Pale ak tande

- Pale ak adolesan w lan sou bagay ki enterese l, soti nan mizik ak jwèt vidyò jis nan rad. Pa kritike ni pa eseye parèt twò “cool”.- jis pale.
- Mande l panse sou yon pwoblèm epi tande repons lan. Respekte vwa l, men rete tann rezon ki fè li gen opinyon an.

Li

- Ankouraje jèn adolesan w lan pou l li ak rakonte istwa ba lòt sè/frè ki pi jèn yo oswa ba granpè ak granmè.
- Ankouraje l li pou plizyè rezon(tankou jwenn enfòmasyon sou yon vedèt mizik popilè oswa sou yon evènman espòtif).
- Ankouraje l panse sou sans sa li li ak ekri.
- Pale ak li sou sa l li. Poze kesyon epi asosye pwòp eksperyans ou ak sa ki gen rapò ak lekti a.
- Vizite bibliyotèk souvan avèk li. Ede l chwazi materyèl li ka li poukont li.
- Ankouraje l ak ede l li omwen 25 liv chak ane nan diferan estil (imajinè ak reyèl).
- Konsève liv timoun pi renmen lakay ou epi pa etone si pitit ou ki nan klas presegondè pran plezi pou l reli yo.
- Krete yon espas pou lekti nan kay la ak yon chèz konfòtab ak materyèl ki enteresan pou li, tankou woman, liv ki gen enfòmasyon, liv komik, magazin ak journal.

- Li ak konprann omwen 25 liv pou amizman.
- Evalye sa yo li: èske l byen ekri? Èske l presi? Èske otè a bay ase prèvi pou l sipòte ide prensipal yo?
- Asosye lekti ak sa yo deja konnen ak pwòp eksperyans pa yo.
- Patisipe nan club liv ak lòt opòtinite pou pataje panse yo sou liv ak lòt elèv.

Ekri

- Ekri nan chak kou.
- Pran nòt apati liv ak sa pwofesè a di.
- Ekri pou divès rezon ak divès odyans pou reponn a literati, konpare ak diferansye eleman nan literati, pataje enfòmasyon, rakonte yon

Ekri

- Ankouraje pitit ou ekspriye panse pèsonèl li ak sa l santi nan yon journal epi respekte vi prive l.
- Ofri l toutsa ki ka enspire l pou l ekri-yon kote trankil, yon kaye nòt tou nèf an koulè, lank koulè, zouti pou ekri (konpitè, diksyonè, liv sitasyon) oswa mizik byen ba.
- Ankouraje l pataje sa l ekri ak piblik la lè l afiche l sou frijidè a, voye kopi ba paran oswa zanmi oswa li/pèfome nan gwoup jèn oswa reyinyon fanmi.
- Ankouraje l patisipe an sekirite nan mond entènèt la. Ede l jwenn sit ki sennesof, kreye yon paj pèsonèl oswa yon sit wèb pou fanmi an ki montre sa yo renmen san non moun sou li, pataje ekri kreyatif nan magazin pou adolesan ki sou entènèt ak ale nan sit entènèt entèaktif ki apwopriye. ■
- Li ak konprann omwen 25 liv pou amizman.
- Evalye sa yo li: èske l byen ekri? Èske l presi? Èske otè a bay ase prèvi pou l sipòte ide prensipal yo?
- Asosye lekti ak sa yo deja konnen ak pwòp eksperyans pa yo.
- Patisipe nan club liv ak lòt opòtinite pou pataje panse yo sou liv ak lòt elèv.
- Ekri nan chak kou.
- Pran nòt apati liv ak sa pwofesè a di.
- Ekri pou divès rezon ak divès odyans pou reponn a literati, konpare ak diferansye eleman nan literati, pataje enfòmasyon, rakonte yon istwa orijinal, ekri yon pwezi oswa yon pyès teyat oswa konvenk yon moun.
- Mete ide, enfòmasyon ak pwendvi ki soti nan plizyè sous ansanm pou fè redaksyon, rapò ak lòt pwojè.
- Itilize diferan metòd pou planifye ak òganize sa yo ekri paegzanp, kaye yon ekriyen, rezime oswa dyagram).
- Revize sa ki ekri pou pwodui yon travay fini.
- Pibliye oswa prezante sa yo ekri nan ekspozisyon, nan journal lekòl la, nan konkou redaksyon, nan teyat oswa nan rapò aloral. ■

Liv yo rekòmande pou klas 6yèm ane

Men yon lis liv ak otè jèn ki nan laj sa a renmen. 6yèm, 7yèm ak 8yèm ane toujou renmen moun li bon liv pou yo awotwaw. Yo renmen li tou liv poukont yo.

Mande moun k ap travay nan bibliyotèk oswa pwofesè a pou yo rekòmande lòt bon liv.

Ki kote w ka jwenn liv sa yo ak lòt ankò?

- nan bibliyotèk lekòl pitit ou a
- nan bibliyotèk salklas la
- nan yon bibliyotèk piblik ki bò lakay ou.

Nick Abadzis	Laika
Lloyd Alexander	The Book of Three
Avi	Nothing But the Truth: A Documentary Novel
Susan Campbell Bartoletti	Hitler Youth: Growing Up in Hitler's Shadow
Joan Bauer	Hope Was Here • Rules of the Road
Ismael Beah	A Long Way Gone: Memoirs of a Boy Soldier
Lori M. Carlson, editor	Cool Salsa: Bilingual Poems on Growing Up Latino in the United States • Red Hot Salsa: Bilingual Poems on Being Young and Latino in the United States
Cecil Castellucci	The Plain Janes
Sook Nyul Choi	Year of Impossible Goodbyes
Andrew Clements	Things Not Seen
Eoin Colfer	Artemis Fowl
Susan Cooper	The Dark Is Rising (series)
Bruce Coville	Jeremy Thatcher, Dragon Hatcher
Curtis L. Crisler	Tough Boy Sonatas
Chris Crutcher	Ironman
Christopher Paul Curtis	Bucking the Sarge • The Watsons Go to Birmingham, 1963
Karen Cushman	Catherine, Called Birdy
Deborah Ellis	The Breadwinner
Nancy Farmer	The House of the Scorpion
Sharon Flake	The Skin I'm In
Anne Frank	The Diary of a Young Girl
Neil Gaiman	Coraline
John Grandits	Blue Lipstick: Concrete Poems
Nikki Grimes	The Road to Paris

S.E. Hinton	The Outsiders
Jennifer Holm	Middle School Is Worse Than Meatloaf: A Year Told Through Stuff
Anthony Horowitz	Stormbreaker
Lois Lowry	The Giver
Kirsten Miller	Kiki Strike : Inside the Shadow City
Nicholasa Mohr	El Bronx Remembered
Walter Dean Myers	What They Found: Love on 145th Street • 145th Street: Short Stories • Scorpions
Beverley Naidoo	The Other Side of Truth
Garth Nix	Sabriel
Linda Sue Park	When My Name Was Keoko
Katherine Paterson	Bridge to Terabithia
Gary Paulsen	Brian's Hunt • Lawn Boy
Richard Peck	A Long Way from Chicago
Philip Pullman	The Golden Compass
Pam Munoz Ryan	Esperanza Rising
Graham Salisbury	Eyes of the Emperor • Lord of the Deep
Gary D. Schmidt	The Wednesday Wars
Jon Scieszka	Knucklehead: Tall Tales and Mostly True Stories of Growing Up Scieszka
Brian Selznick	The Invention of Hugo Cabret
William Sleator	Oddballs: Stories
Gary Soto	Baseball in April and Other Stories
Suzanne Fisher Staples	Shabanu: Daughter of the Wind
Shaun Tan	The Arrival
Lauren Tarshis	Emma-Jean Lazarus Fell Out of a Tree
Mildred D. Taylor	Roll of Thunder, Hear My Cry
Rachel Vail	If We Kiss
Scott Westerfeld	Uglies
Jacqueline Woodson	Feathers • Miracle's Boys
Ma Yan	The Diary of Ma Yan: The Struggles and Hopes of a Chinese School Girl
Markus Zusak	Fighting Ruben Wolfe



Jèn ki kontinye li pandan lekòl fèmen ak pandan vakans ete rekòmanse lekòl san yo pa pèdi nan kapasite yo gen pou yo li.

Klas 9yèm-12 yèm ane

Pou pifò moun, lekòl segondè se yon peryòd tanzisyon-soti nan dekouvri kote yon moun konfòtab ak zanmi pou rive nan dekouvri kote li konfòtab nan mond lan. Elèv lekòl segondè bezwen devlope kapasite literacy sofistike pou yo ka fè fas ak defi y ap gen pou yo rankontre kòm manm fanmi, kòm elèv kolèj, kòm anplwaye ak kòm sitwayen.

Nan faz sa a, jèn yo jwenn koneksyon ki fè sans ant sa y ap li ak pwòp vi yo. Yo dekouvri tou rezon pou yo ekri andeyò lekòl: rezime, aplikasyon pou kolèj ak ti kanè pèsònèl. Teknoloji vin tounen yon zouti valab pou kominike ak lòt moun epi pou jwenn enfòmasyon sou mond lan. ■

KONSÈY POU LITERACY

SIPÒTE DEVLÒPMAN LITERACY ADOLESAN LÈ W BA YO:

Chwa

Adolesan pi motive pou yo li ak ekri lè yo gen chwa. Yo renmen chwazi pwòp liv yo pou yo li poukont yo, pou yo chwazi pwòp sijè yo pou rechèch ak pou chwazi kòman ak kote pou yo pataje ide yo alekri. Anpil elèv lekòl segondè kòmanse li liv adilt epi pran plezi ladan yo.

Vwa

Adolesan ki pi gran yo ekspriye tèt yo an piblik epi yo atann pou moun tande ak respekte vwa yo. Yo ekspriye tèt yo nan plizyè fason, soti nan konvèsasyon pou rive nan sa yo pibliye alekri.

Entèksyon sosyal

Eksperyans literacy ki pi pisan pou adolesan ki pi gran yo souvan gen ladan l entèksyon ak lòt adolesan, tande diferan pwendvi ak echanj ide nan respè.

Konfyans nan tèt yo

Adolesan yo santi yo gen valè ak konfyans lè yo devlope kapasite *literacy* pou prezante tèt yo ba mond lan kòm moun ki kapab. ■

Kisa ou ka fè lakay?

Pale ak tande

- Poze kesyon sou sa adolesan w lan li, tande ak etidye. Tande ak atansyon repons li bay yo. Diskite devwa yo bay yo.
- Pataje istwa sou fanmi.
- Chèche atik nan journal ki enteresan epi pale sou yo ansanm.
- Gade pwogram televizyon ansanm epi diskite reyaksyon nou.

Li

- Ankouraje adolesan w lan li istwa pou ti frè/ti sè l epi ede yo itilize entènèt pou kolekte enfòmasyon.
- Ankouraje l li ak konprann 25 liv chak ane.
- Ede l jwenn repons pou kesyon yo, kesyon pèsònèl ak akademik anmenmtan.
- Bay tan ak espas pou fè devwa, li ak ekri.
- Chèche jwenn enfòmasyon sou lekòl li pamwayen devwa, fèy enfòmasyon lekòl la, sware pou paran, vizit ak pwofesè yo ak konvèsasyon ou fè avek li.
- Fè sèten ke tout moun nan fanmi an gen yon kat bibliyotèk piblik e ke ou vizite bibliyotèk la souvan ak fanmi w.
- Li sa l ap li epi diskite l avèk li san w pa pote jijman ni kritik.

Ekri

- Ankouraje l ekri sou panse, santiman ak eksperyans nan yon journal. Respekte vi prive l.
- Fè echanj bagay nou ekri kote nou pataje panse, konfli ak santiman.
- Ofri zouti sipò pou ekri(konpitè, papye, plim ak liv referans tankou diksyonè, liv sinonim ak liv sitasyon).
- Ankouraje l pataje sa l ekri a an piblik, tankou nan konkou, disètasyon nan kominote a nan journal kominotè ak nan lèt ba editè yo. ■

Lakay, adolesan yo ka:

Pale ak tande

- Poze kesyon, redi sa yo tande ak bay opinyon diferan.
- Prezante rapò aloral ak bay pwòp opinyon yo nan tout sijè, ak egzanp ak agiman ki pou sipòte yo.
- Tande lòt moun ak respè.
- Pale sou ide ak kanmarad yo.

Li

- Gen diferan tip eksperyans nan pale, soti nan diskisyon enfòmèl pou rive nan bay diskou.
- Li pwezi, istwa imajinè ak reyèl nan diferan matyè.
- Li pou jwenn nouvo ide ak fason pou panse.

KONSÈY POU LITERACY

MOTIVE ADOLESAN W LAN POU L LI

Kòman pou ankouraje adolesan w lan li poukont li:

- Ofri l chwa sou sa pou l li. Adolesan yo ka prefere liv ki gen enfòmasyon, magazin, journal, liv blog, liv komik ak woman ki gen imaj pase liv istwa imajinè.
- Rekonèt ke gen diferan mwayen pou li. Adolesan ki okipe ka chèche nan magazin, kote ki gen tit pou yo li, egzamine imaj epi li tout atik la oaza. Tip lekti sa a amizan anpil epi souvan li bay anvè pou ale pi lwen nan lekti a.
- Pale avèk li sou sa l ap li. Kite l pataje nouvo ide li genyen yo.
- Ankouraje l li liv ke yo fè fim sou yo oswa pwogram televizyon. Mande diferans ki genyen ant liv la ak fim lan.
- Mande yon moun k ap travay nan bibliyotèk pou ede l chwazi “liv li pi renmen” pou prete nan bibliyotèk la. Adolesan motive souvan pou li liv ke zanmi rekòmande yo.
- Ankouraje l li liv sou sijè ki enterese l. Anpil jèn adolesan prefere liv ki gen rapò ak vi reyèl yo. Yo renmen li pou yon rezon olye pou yo li pou plezi sèlman.
- Ede l fikse objektif pou lekti epi pouse l pou l atenn objektif yo. Jèn renmen lè yo gen siksè nan akonpli objektif akou tèm. ■

- Fè rechèch sou sijè ki gen rapò ak pwòp vi yo, ak pasyon yo ak enterè akademik yo.
- Patisipe nan club liv, sèk literè ak lòt opòtinite pou pale sou liv.
- Li pou jwenn ide prensipal pou tout kou yo.
- Evalye sa yo li pou deside si l pa gen patipri, si l presi ak konplè.

Liv yo rekòmande pou klas 9yèm-12yèm ane

Men yon lis liv ak otè adolesan ki nan laj sa a renmen. Mande moun k ap travay nan bibliyotèk la oswa yon pwofesè pou yo rekòmande lòt bon liv.

Ki kote w ka jwenn liv sa yo ak lòt ankò?

- nan bibliyotèk lekòl pitit ou a
- nan bibliyotèk salklas la
- nan yon bibliyotèk piblik ki bò lakay ou.

Douglas Adams	The Hitchhiker's Guide to the Galaxy
Sherman Alexie	The Absolutely True Diary of a Part-Time Indian • Smoke Signals
Isabel Allende	The House of the Spirits
Julia Alvarez	In the Time of Butterflies
Laurie Halse Anderson	Speak
Maya Angelou	I Know Why the Caged Bird Sings
Jay Asher	Thirteen Reasons Why
James Baldwin	If Beale Street Could Talk
Coe Booth	Tyrell
Kalisha Buckhanon	Upstate
Octavia Butler	Kindred
Orson Scott Card	Ender's Game
Chris Crutcher	Whale Talk
Rachel Cohn	Gingerbread
Donald Davis	Listening for the Crack of Dawn
Sarah Dessen	This Lullaby
Jenny Downham	Before I Die
Sharon Draper	Copper Sun
Buchi Emecheta	The Bride Price
Sharon G. Flake	Who Am I Without Him?
Paul Fleischman	Whirligig
Neil Gaiman	Neverwhere
Ernest J. Gaines	A Lesson Before Dying
Donald R. Gallo, editor	Ultimate Sports: Short Stories by Outstanding Writers for Young Adults
K.L. Going	Fat Kid Rules the World
John Green	Looking for Alaska
Mark Haddon	The Curious Incident of the Dog in the Night-Time
Terry Spencer Hesser	Kissing Doorknobs
Will Hobbs	Far North
Khaled Hosseini	The Kite Runner
Langston Hughes	The Collected Poems of Langston Hughes
Zora Neale Hurston	Mules and Men • Their Eyes Were Watching God

Angela Johnson	The First Part Last
Sue Monk Kidd	The Secret Life of Bees
Ursula Le Guin	The Left Hand of Darkness
Julius Lester	Day of Tears: A Novel in Dialogue
David Levithan	Boy Meets Boy
E. Lockhart	The Disreputable History of Frankie Landau-Banks
Chris Lynch	Inexcusable
Anne McCaffrey	Dragonsong
Frank McCourt	Angela's Ashes: A Memoir
Patricia McCormick	Sold
Walter Dean Myers	Bad Boy: A Memoir • The Beast
An Na	A Step from Heaven
Naomi Shihab Nye	19 Varieties of Gazelle: Poems of the Middle East
Tsugumi Ohba	Death Note (series)
Gary Paulsen	The Beet Fields
Ernesto Quinonez	Bodega Dreams
Aron Ralston	Between a Rock and a Hard Place
Dana Reinhardt	Brief Chapter in My Impossible Life
Robert Alden Rubin	Poetry Out Loud
René Saldaña	The Whole Sky Full of Stars
Marjane Satrapi	Persepolis
Elizabeth Schmidt, editor	Poems of New York
Eric Schlosser and Charles Wilson	Chew on This: Everything You Don't Want to Know About Fast Food
Dai Sijie	Balzac and the Little Chinese Seamstress: A Novel
Sonya Sones	What My Mother Doesn't Know
Art Spiegelman	Maus I and II
John Steinbeck	Of Mice and Men
J. R. R. Tolkien	Lord of the Rings
Jean Toomer	Cane
Marta Moreno Vega	When the Spirits Dance Mambo
Ned Vizzini	It's Kind of a Funny Story
Jeannette Walls	The Glass Castle: A Memoir
Jacqueline Woodson	If You Come Softly
Richard Wright	Black Boy
Gene Luen Yang	American Born Chinese
Declare Yourself	Declare Yourself: Speak. Connect. Act. Vote. More Than 50 Celebrated Americans Tell You Why
Sara Zarr	Story of a Girl
Markus Zusak	The Book Thief

- Eksplòre opòtinite pou karyè ak kolèj byen bonè nan 9yèm ane pou dekouvri sa ki ale ak enterè yo, talan ak anbasyon yo.
 - Itilize desen , graf, dyagram tablo pou jwenn enfòmasyon.
 - Fè dediksyon sou siyifikasyon ke yo pa mete dirèkteman nan yon tèks.
- Ekri**
- Ekri nan chak kou.
 - Travay ansanm pou revize ak edite sa ki ekri.
 - Eseye divès fòm pou sa y ap ekri, tankou pwezi, istwa, disètasyon, lèt, sa ki nan journal, pyès teyat ak pwojè rechèch.

- Pwodui pwojè ekri ki fini lè yo kreye bwouyon epi revize pou amelyore ekspresyon ide ak itilizasyon langaj.
- Pibliye oswa prezante sa yo ekri.
- Eksprime tèt yo sou pwoblèm enpòtan ba diferan odyans, paegzanp, rakonte pwòp istwa yo. ■

Ki konsèy espesyal k ap ede m sipòte literacy pitit mwen an?

Èd pou moun ki gen difikilte pou li

Pa panike!

Kèk fwa, timoun pa aprann li fasil, kidonk pitit ou a ka gen difikilte. Men kèk bagay ou ka fè pou ede li:

- Kontinye li pou li. Fè lekti tounen yon aktivite regilye ak amizan pou fanmi an. Kite li wè oumenm ak lòt adilt ki enpòtan k ap li liv, magazin ak journal regilyèman.
- Ankouraje li lakay. Mete liv ak magazin ki enteresan aladispozisyon li epi ba li tan ak espas nan kay la pou li. Plis jèn li, plis yo ka li byen.
- Ede li chwazi divès materyèl nan lekòl la oswa nan bibliyotèk piblik tankou liv sou CD, woman, liv elektwonik, liv reyalye, magazin, liv komik, woman ki gen imaj ak liv timoun.
- Li pou li epi li ansanm avèk li plizyè fwa nan semèn lan nan kèlkeswa lang ou pale nan kay la. Plis li tande lang, plis li ap ka adopte ak adapte li ak lang pou ekspriye pwòp tèt li.
- Pale ak pwofesè li pou w ka konnen sa yo ap tann de li lekòl la.
- Chèche konnen enfòmasyon sou leson patikilye apre lekòl ak lòt èd espesyal ki ka disponib (mande pwofesè a, direktè lekòl la, oswa koòdonatè paran an).
- Pwofite de aktivite apre lekòl ak aktivite pandan ete òganizasyon kominotè yo ofri (gade "Resous" ki nan do gid sa a). Anpil nan pwogram sa yo, tankou club lekti pandan ete *Summer Reading Club* nan bibliyotèk piblik yo, gratis.
- Ofri li opòtinite pou li li liv ki gen anpil imaj. Anpil bibliyotèk ofri divès woman an foto ki amizan, liv enfòmasyon ki gen imaj ak liv imaj ki atire lektè adolesan.
- Ankouraje li li diferan estil tankou pwezi, istwa kout, otobiyografi, memwa, disètasyon ak imajinasyon istorik ak woman

Literacy ak teknoloji

Teknoloji ofri nouvo opòtinite pou fanmi aprann ak jwe ansanm epi anmenm tan li bay tan pou sipòte literacy.

Televizyon/vidyo/fim

Lè w ap gade televizyon, ou ka sipòte literacy si w:

- Gade ak pitit ou epi poze kesyon pou verifiye si li konprann.

- Ankouraje li poze kesyon pa li
- Pale sou ide ki nan pwogram lan
- Analyze sa w gade a tankou yon moun k ap fè kritik sou fim, lè w konpare li ak lòt fim epi bay opinyon sou kalite fim lan oswa videyo a
- Asosye pwogram yo ak eksperyans li te fè nan vi reyèl.

Chèche enfòmasyon sou entènèt

Gen anpil enfòmasyon ki disponib sou entènèt men se pa tout ki egzat ni se pa tout ou ka fè konfyans.

Ou ka ede pitit ou jwenn bon kalite enfòmasyon sou entènèt:

- Itilize kat bibliyotèk piblik ou a pou jwenn resous sou entènèt (tankou atik magazin ak ansiklopedi).
- Ede li jwenn mo ki pi bon pou li itilize pou li chèche enfòmasyon sou yon sijè.
- Ankouraje li chèche diferan pwendvi ak plizyè sous enfòmasyon.
- Ede li evalye ak poze kesyon sou enfòmasyon li jwenn.
- Kiyès ki ekri li epi poukisa li te ekri li? Èske se reyalye oswa opinyon? Èske otè a di w kòman li fè konnen enfòmasyon yo? Èske enfòmasyon yo sanble ak lòt enfòmasyon ou jwenn sou sijè a?
- Pote atansyon a sa pitit ou ap gade sou konpitè. Si w pa konnen anpil bagay nan konpitè, mande pitit ou a pou li montre w sa li konnen.
- Itilize sit ki la pou ede timoun fè rechèch sou entènèt:
 - Ask for Kids (www.askkids.com)
 - HomeworkNYC (www.homeworknyc.org)
 - KidsClick! (www.kidsclick.org)
 - Yahoo!Kids (kids.yahoo.com)
- Itilize sit ki rekòmande lòt sit ki sennesòf ak apwopriye pou timoun.

- Awesome Library for Kids (www.awesomeforlibraries.org/student.html)
- Berit's Best Sites for Children (www.beritsbest.com)
- Great Web Sites for Kids (www.ala.org/greatsites)
- Parents' Choice Awards (www.parents-choice.org/allawards.cfm)



Rechèch montre ke vokabilè se sèl gwo endikatè solid sikse akademik. (Kate Kinsella, 2005).

Kominike atravè entènèt

Entènèt ofri anpil opòtinite pou moun rete konekte ak lòt moun. Jèn yo voye imèl souvan epi yo pale andirèk sou entènèt *chat* ak zanmi yo apre lekòl. Li enpòtan pou fè ansòt pitit ou a itilize entènèt yon fason ki sennesòf ak apwopriye. Règleman sa yo enpòtan tou pou jèn ka p itilize telefòn selilè.

- Chèche konnen ak kiyès pitit ou ap pale sou entènèt.
- Fè sèten li pa bay enfòmasyon pèsònèl li.
- Fè sèten li itilize sit chat ki apwopriye sèlman.

Liv sou CD ak sa ou ka transfere (download)

Gen liv ki sou kasèt oswa CD oswa sou fòm elektwonik ki disponib nan bibliyotèk ak nan libreri. Yo pèmèt ou tande oswa gade liv lè w nan machin, nan tren oswa nenpòt kote yon aparèy ka ale.

Gen anpil liv ki disponib nan bibliyotèk lekòl oswa bibliyotèk piblik sou fòm elektwonik (e-books). Ou ka prete yo epi transfere download yo sou konpitè w.

Bibliyotèk Andrew Heiskell Braille and Talking Book (<http://talkingbooks.nysl.org/>) gen yon pwogram liv pa lapòs ki delivre plizyè milye tit anrejistre ak Braille san w pa peye frè lapòs. Moun tout laj ki abite nan vil Nouyòk oswa Long Island kalifye si yo gen difikilte pou li materyèl ki enprime ak lèt regilye paske yo avèg, yo pa wè byen, yo gen kèk andikap fizik oswa paske yo gen yon andikap pou li (tankou disleks *dyslexia*) ki se rezilta yon ògan ki pa fonksyone byen, yo kalifye pou sèvis sa yo. Pou plis enfòmasyon, gade pati "Resous" ki nan gid sa a. ■

Resous

Sipò kominotè pou ranfòse literacy fanmi

Andrew Heiskell Braille and Talking

Book Library

Sèvis pou moun ki pa wè byen ak moun ki gen andikap pou aprann
40 West 20th Street
New York, NY 10011
telefòn: 212-206-5400
TDD 212-206-5458
24-hour voice mail 212-206-5425
<http://talkingbooks.nypl.org> or talking-books.nypl.org

Brooklyn Public Library

Sèvis bibliyotèk konplè, pwogram lekti pandan ete, booklists, anglè kòm dezyèm lang (ESL)pou granmoun ak pwogram literacy pou granmoun
telefòn: 718-230-2100
www.brooklynpubliclibrary.org/kids/
www.brooklynpubliclibrary.org/teens/
www.brooklynpubliclibrary.org/first5years

HomeworkNYC

Yon sit wèb pou èd nan devwa
www.homeworknyc.org/

Learning Leaders

Enfòmasyon pou paran ak elèv sou pwogram literacy ak resous.
telefòn: 212-213-3370
www.learningleaders.org/resources/links.php

The Literacy Assistance Center

Sèvis ak piblikasyon pou literacy granmoun ak fanmi ak èd pou jwenn pwogram literacy gratis pou timoun ak fanmi.
telefòn: 212-803-3300
www.lacnyc.org

Family Literacy Resources

www.lacnyc.org/resources/familylit/familylit.htm#directory

Literacy Hotline

Rekòmandasyon pou kou gratis pou granmoun ak pou jèn ki pa lekòl tankou GED, edikasyon debaz, preparasyon pou travay, trening pou djòb, ak ESL

Ou pa poukont ou. Gen anpil resous nan kominote a tankou bibliyotèk, mize, depatman lwazi, pak, pwogram atistik ak jèn ak òganizasyon kominotè community-based organizations(CBO)-ki ofri pwogram ki sipòte fòmasyon ak literacy jèn.

Aktivite pandan ete yo enpòtan anpil paske yo ede elèv kenbe sa yo te aprann pandan ane lekòl la. Bibliyotèk piblik yo sipòte pwogram lekti pandan ete ak liv yo rekòmande, aktivite ak pwogram motivasyon tankou bookmobiles. Pou jwenn enfòmasyon sou pwogram ete nan bibliyotèk piblik yo ak konsèy pou paran pou ankouraje lekti, kontakte bibliyotèk piblik yo(gade pi ba a). ■

212-803-3333 (nimewo gratis)

Liy ki ouvè 24 sou 24

Depatman Edikasyon vil Nouyòk

Enfòmasyon pou paran sou lekòl nan vil Nouyòk.

Biwo sèvis bibliyotèk:

telefòn: 212-374-0781

[http://schools.nyc.gov/Academics/](http://schools.nyc.gov/Academics/LibraryServices/FamilyResources)

[LibraryServices/FamilyResources](http://schools.nyc.gov/Academics/LibraryServices/FamilyResources)

biwo pou angajman ak defans dwa fanmi

Office of Family Engagement and

Advocacy: (OFEA)

telefòn: 212-374-2323

<http://schools.nyc.gov/Offices/OFEA>

New York City Department of Youth and Community Development (DYCD Services)

Pwogram nan tout vil la ki konsidere

bezwen literacy paran ak timoun

telefòn: 800-246-4646

[www.nyc.gov/html/dycd/html/reading_](http://www.nyc.gov/html/dycd/html/reading_writing/reading_writing.shtml)

[writing/reading_writing.shtml](http://www.nyc.gov/html/dycd/html/reading_writing/reading_writing.shtml)

Bibliyotèk piblik vil Nouyòk

(Manhattan, The Bronx and Staten Island)

Sèvis bibliyotèk konplè, pwogram lekti

pandan ete, booklists, anglè kòm dezyèm

lang (ESL)pou granmoun ak pwogram

literacy pou granmoun

telefòn: 212-930-0800

www.nypl.org

kids.nypl.org

teenlink.nypl.org

Partnership for After School Education (PASE)

Plis pase 1200 pwogram apre lekòl pou

jèn tout laj ak plan ki montre kote

pwogram apre lekòl yo ye

telefòn: 212-571-2664

www.pasesetter.com

[www.cmap.info/netmaps/pase/paseMap.](http://www.cmap.info/netmaps/pase/paseMap.asp)

asp

Queens Library

Sèvis bibliyotèk konplè, pwogram lekti

pandan ete, booklists, anglè kòm dezyèm

lang (ESL)pou granmoun ak pwogram

literacy pou granmoun

telefòn: 718-990-0700

www.queenslibrary.org

www.kidslinq.org

www.teenlinq.org

UFT Dial-A-Teacher

Èd nan devwa pou elèv ak paran

telefòn: 212-777-3380 ant 4 ak 7 p.m.,

lendi- jedi

Sonje ou pa poukont ou.

Si pitit ou a pa fè ase pwogrè parapò ak kanmarad li yo nan devlope kapasite literacy; li bon pou w konnen ke kominote a kanpe avèk ou pou ede l ratrape l. Gen èd ki disponib atravè:

- pwogram apre lekòl
- sèvis leson patikilye
- pwogram bibliyotèk ak jèn yo ofri nan kominote a.

Yonn nan asosye ki pi enpòtan pou ou yo se pwofesè pitit ou a. Literacy pitit ou a se objektif pwofesè pitit ou a tou. Pou w ka pran yon randevou pou pale ak pwofesè a an pèsòn oswa nan telefòn, telefòn lekòl la epi kite yon mesaj nan biwo direktè a oswa koòdonatè paran an.

Pwofesè a se yon sous enfòmasyon valab pou ou. Mande:

- kisa pwofesè a atann pou pitit ou a aprann ane sa a
- Kòman pitit ou a ap pwogrese
- Ki pwen fò ak enterè pwofesè a remake nan pitit ou a
- Kote pitit ou a ka fè plis pratik

Pwofesè ta renmen gen enfòmasyon nan men w tou.

- Pale l sou liv, lwazi ak sa ki enterese pitit a plis
- Pataje lang pitit ou a pale lakay ak rasin kiltili l
- Diskite sou domèn kote pitit ou a gen difikilte ak fason li aprann lakay

Lòt moun ki nan lekòl pitit ou a asosye avèk ou tou pou yo ede pitit ou devlope kapasite literacy l:

- moun ki nan bibliyotèk yo
- direktè yo
- lidè pwogram apre lekòl yo
- ak koòdonatè paran

Gen kèk òganizasyon nasyonal ki ofri enfòmasyon ki itil anpil atravè sit wèb yo:

Booklists

American Library Association

Booklists for children

[www.ala.org/ala/alsc/alscresources/](http://www.ala.org/ala/alsc/alscresources/booklists/booklists.htm)

[booklists/booklists.htm](http://www.ala.org/ala/alsc/alscresources/booklists/booklists.htm)

Booklists for teens

www.ala.org/yalsa/booklists

Reading Rockets

Booklists for all levels

www.readingrockets.org/books

Piblikasyon pou paran

AdLit.org

Resous pou sipòte timoun ki nan klas

4yèm-12yèm ane

www.adlit.org

Family Information Center of the

Clearinghouse on Reading, English and Communication

reading.indiana.edu/www/indexfr.html

International Reading Association

Resous ann angle ak panyòl

www.reading.org/resources/tools/parent.html

Reading is Fundamental

Resous pou fè timoun renmen li

www.rif.org/parents/

U.S. Department of Education

Espesyalman pou paran

www.ed.gov/parents/landing.jhtml

Tools for Student Success

[www.ed.gov/parents/academic/help/tools-](http://www.ed.gov/parents/academic/help/tools-for-success/index.html)

[for-success/index.html](http://www.ed.gov/parents/academic/help/tools-for-success/index.html)

No Child Left Behind: yon gid pou paran

www.ed.gov/parents/academic/involve/nclbguide/parentsguide.html

Pou moun k ap aprann lang angle (ELL)

¡ColorínColorado!

www.colorincolorado.org

National Association for Bilingual Education

www.nabe.org/education/index.html

National Clearinghouse for English Language Acquisition

Resous bileng /ESL: Literacy pou elèv ki pa

pale angle byen Limited English Proficiency

(LEP) ak fanmi yo

www.nceal.gwu.edu/spotlight/1_parents.html

National Center for Family Literacy

Hispanic Family Learning Institute

[www.familit.org/site/c.gtJWJdMQIsE/](http://www.familit.org/site/c.gtJWJdMQIsE/b.1697307/k.415C/Hispanic_Family_Learning_Institute.htm)

[b.1697307/k.415C/Hispanic_Family_](http://www.familit.org/site/c.gtJWJdMQIsE/b.1697307/k.415C/Hispanic_Family_Learning_Institute.htm)

[Learning_](http://www.familit.org/site/c.gtJWJdMQIsE/b.1697307/k.415C/Hispanic_Family_Learning_Institute.htm)

[Institute.htm](http://www.familit.org/site/c.gtJWJdMQIsE/b.1697307/k.415C/Hispanic_Family_Learning_Institute.htm)

Depatman edikasyon vil Nouyok

<http://schools.nyc.gov/Academics/ELL>

Resous pou timoun ki gen bezwen espesyal

LD Online

Ldonline.org

Resources for Children with Special Needs, Inc. in New York City

www.resourcesnyc.org